# Дунэе шэпхъэшIухэм адиштэу

«Адыгэ Республикэм итхылъеджапIэхэр: хэхъоныгъэ зэрашIыщтхэ лъэныкъохэр» зыфиIорэ Iофыгъомкiэ Iэнэ хъурае модельнэ тхылъеджапIэу Мыекъуапэ къыщызэIуахыгъэм чъэпыогъум и 17-м щыкIуагъ.




Iофтхьабзэм хэлэжьагъэх Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэу Аулъэ Юрэ, Урысые къэралыгъо тхылъеджапIэм ведомственнэ проектхэр пхырыщыгъэнхэмкIэ иотдел иIофышIэхэу Анастасия Шинко ыкIи Виолетта Дьяченкэр, республикэм ит тхылъеджапIэхэм япащэхэр.

Iофтхьабзэр къызэIуихыгъ ыкIи зэрищагъ Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ тхылъеджапIэ ипащэу Къыкъ Бэллэ. Пэублэ гущыIэ ащ къышIызэ, шэпхъакIэм тетэу къызэIуахыгъэ тхылъеджапIэм фэдэхэр тапэкIэ республикэм ишъолъыр къыщызэIухыгъэнхэмкIэ шIэгъэн фэе лъэныкъохэу анаIэ зытырадзэщтхэм атегущыIэнхэу зэрэзэIукIагъэхэр къыхигъэщыгъ.

Адыгеим модельнэ тхылъеджапIэхэр къыщызэIухыгъэнхэм зиIахьышIу хэзышIыхьэгъэ А. Шинко гущыIэр лъигъэкIотагъ.

— Лъэпкъ проектэу «Культурэр» регионхэм ащыпхырыщыгъэным иапэрэ лъэбэкъушIухэм ащыщ дунэе шэпхъакIэм тет тхылъеджапIэу къызэIуахыгъэхэр, — къыIуагъ ащ. — ПстэумкIи 2024-рэ илъэсым ехъулIэу ащ фэдэ тхылъеджэпIэ 664-рэ Урысыем къыщызэIухыгъэнэу агъэнафэ. Ащ епхыгъэ зэнэкъокъур илъэсым ехъугъ зыкIорэр. Зы регионым илъэсым лъэIу тхылъ 20 нахьыбэ зэнэкъокъум ыгъэхьын фитэп. Муниципальнэ тхылъеджапIэр модельнэу зэтегъэпсыхьэгъэным пае сомэ миллиони 5, гупчэ тхылъеджэпIэ системэм пае миллиони 10 федеральнэ бюджетым къетIупщы.

Анастасия Шинко къэзэрэугъоигъэхэм закъыфигъазэзэ, зэнэкъокъум хэлэжьэнхэмкIэ тхылъхэм ягъэпсын къиныгъоу, пэрыохъоу фэхъугъэхэм къакIэупчIагъ. ТапэкIэ ахэр дэгъэзыжьыгъэным ыкIи къэкIощт илъэсым зэрэхэлэжьэщтхэр нахь псынкIэ къафэхъуным зэрэдэлэжьэщтыр къыIуагъ.

Iэнэ хъураем зыщытегущыIагъэхэм ащыщ республикэм ит нэмыкI тхылъеджапIэхэр тапэкIэ модельнэ шэпхъэшIухэм адиштэу зэрэзэтырагъэпсыхьащтхэм иамалхэр. АщкIэ шIэгъэн фаехэр видеоролик шIыгъэу Москва къикIыгъэ хьакIэхэм къафаIотагъэх.

***IЭШЪЫНЭ Сусан.***

# Модельнэ тхылъеджапIэхэм заушъомбгъу

Лъэпкъ проектэу «Культурэм» къызэрэдилъытэу, 2019-рэ илъэсымкIэ зэнэкъокъум текIоныгъэ къыщыдэзыхыгъэ тхылъеджапIэхэр арых модельнэ шапхъэр зыгъотыхэрэр.

Адыгеим джырэкIэ ащ фэдэу мы илъэсым ичъэпыогъу мазэ 2 щагъэпсыгъ: Джэджэ районымкIэ станицэу Дондуковскэм имодельнэ тхылъеджэпIэ-къутамэу N 4-р ыкIи къалэу МыекъуапэкIэ тхылъеджэпIэ-къутамэу N 1-р — урамэу Курганнэм тетыр.

Джыри ахэм зы къахэхъо, ар чъэпыогъум и 18-м къуаджэу Кощхьаблэ къыщызэIуахыгъ. ИскусствэхэмкIэ кIэлэцIыкIу еджапIэм иунэ чIэт кIэлэцIыкIу тхылъеджапIэр ары ащ лъапсэу иIэр.

2019-рэ илъэсым модельнэ тхылъеджапIэхэр къызэIухыгъэнхэм пэIуагъэхьанэу федеральнэ ыкIи республикэ бюджетхэм мылъкоу къатIупщыгъэм муниципальнэ образованиеу «Кощхьэблэ район» зыфиIорэм сомэ мин 600 хилъхьагъ.

Ахъщэр тхылъеджапIэм иматериальнэ-техническэ зытет гъэкIэгъэным пэIухьагъ: кIэлэцIыкIухэм ыкIи Iэтахъом апае псэолъакIэхэу ящыкIагъэхэр зэрагъэгъотыгъэх, техникэу агъэфедэщтыр ащэфыгъ – тхылъ фондыр экземпляр 2850-кIэ агъэкIэжьыгъ. ТхылъеджапIэм иIофышIэхэм яшIэныгъэхэм курсхэм ащахагъэхъуагъ. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, модельнэ шапхъэм диштэу тхылъеджапIэр агъэпсыгъ, информацие-культурэ шъолъырым итэу, охътакIэм диштэу Iоф ышIэным фэхьазыр.

Модельнэ тхылъеджапIэхэм ягъэхьазырын-къызэIухын къыгъэпсынкIагъ ащ Урысые къэралыгъо тхылъеджапIэм иIофышIэхэу А. С. Шинко ыкIи В. В. Дьяченкэр зэрэхэлэжьагъэхэм.

***(Тикорр.).***